

Pwosesis 504

Yon paran, pwofesè oubyen lòt pwofesyonèl mennen yon pwoblèm devan lekòl la.

Lekòl la konvoke yon Ekip evalyasyon elèv (CST) ki konprann administratè, paran, kòwòdonatè ekite, konseye lekòl, pwofesè, mis, travayè sosyal, sikolog, reprezantan ESOL, antrenè (kòm apwopriye pou sitirasyon an). Se pou note prezans tout moun nan reyinyon yo.

Tout patisipan renmèt enfòmasyon yo genyen, sa ki konprann enfòmasyon nan fòm Deklarasyon doktè a (si aplikab), pou fè yon tètansanm nan yon efò pou detèminen si elèv la gen yon enfimite mantal oubyen fizik ki limite yon fason konsiderab youn oubyen plizyè aktivite lavi nòmal li (pa egzanp: pran swen tèt li, fè ti tach manyèl, mache, wè, tandè, pale, respire, aprann, elatriye).

Ekip evalyasyon elèv la pral detèminen elijiblite sou seksyon 504 daprè de keksyon swivan: (1) Èske elèv la gen yon enfimite mantal oubyen fizik? (2) Èske enfimite a limite yon fason konsiderab youn aktivite lavi nòmal li? Note: Si repons lan pou kenepòt nan de keksyon yo se « non », elèv la pa elijib sou seksyon 504. Si repons pou toulede keksyon yo se « wi », elèv la pwoteje sou seksyon 504, lòfini li ka bezwen akomodasyon.

Si Ekip evalyasyon elèv la detèminen elèv la elijib sou seksyon 504, konmite a pral devlope yon Pwojè 504 ki konprann akomodasyon apwopriye pou asire elèv la gen aksè egale ak pwogram/aktivite ki disponib pou elèv nan menm laj ak ane lekòl ki pa gen enfimite. Lekòl la pral mete yon « Y » nan chan 504 nan dosye elektwonik elèv la pou endike elèv la elijib sou seksyon 504.

Konmite a pral devlope rekòmandasyon/altènativ pou satisfè bezwen elèv la, epitou li pral dokimante tout akomodasyon sou fòm Akomodasyon akademik e/ou pou konpòtman.

Après pwojè an mach pou sis semenn (oubyen pito pase sila a si gen bezwen), Ekip evalyasyon elèv la se rekonvoke pou detèminen efikasite pwojè a. Ekip evalyasyon elèv la fè rekòmandasyon epi li ajiste pwojè 504 pou elèv la si nesesè.

Note: Desizyon konsènan pwojè 504 la sipoze yon rezilta efò kolaborasyon gwoup la e non pa pozisyon yon sèl moun.